SERI PENYUSUNAN

Sumono Sandy Asmoro

layang anantang

102
M

DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL
PUSAT BAHASA
BALAI BAHASA SURABAYA
2009

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

Layang Panantang

Antologi Geguritan

SUMONO SANDY ASMORO

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL
PUSAT BAHASA
BALAI BAHASA SURABAYA
2009

00005165

PERPUSTAKAAN PUSAT BAHASA
No. Induk : 64
Tgl. 19/1/2010
Ttd. :
Klasifikasi PB 899.231 102 ASM l

Layang Panantang

Antologi Geguritan

Penanggung Jawab
Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

Koordinator
Mashuri, S.S.

Ketua/Penulis
Sumono Sandy Asmoro

Wakil Ketua
Anang Santosa

Anggota
Hero Patrianto
Maria Magdalena Indraswari

Balai Bahasa Surabaya
Jalan Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo
Telepon/Faksimile (031) 8051752, 8071349
Laman: www.balaibahasajatim.diknas.go.id.

HAK CIPTA DILINDUNGI UNDANG-UNDANG
Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya,
dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun
tanpa izin tertulis dari penerbit kecuali dalam hal pengutipan untuk
keperluan artikel atau karangan ilmiah

Katalog dalam Terbitan (KDT)
808.81
ASM ASMORO, Sumono Sandy
l *Layang Panantang* Antologi Geguritan/Sumono Sandy Asmoro.—Sidoarjo; Balai Bahasa Surabaya, 2009
x, 111 hlm. 20 cm
ISBN 978-602-8334-19-8

KATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA SURABAYA

Karya sastra, termasuk di dalamnya geguritan, merupakan hasil imajinasi dan kreasi manusia. Perkembangan penulisan karya sastra dapat dikatakan amat pesat. Dewasa ini, berbagai media dapat berfungsi atau difungsikan sebagai wahana pengungkapan nilai-nilai estetis yang berbentuk karya sastra. Selain ditulis di surat kabar, majalah, dan internet, karya-karya sastra juga ditulis atau dihimpun dalam wujud buku. Bahkan, untuk jenis penerbitan buku sastra ada kecenderungan peningkatan yang pesat dilihat dari kelimpahan jumlah yang tersedia di toko-toko buku. Keadaan tersebut ditengarai sebagai akibat dari bergeraknya animo dan apresiasi masyarakat terhadap dunia sastra ke arah yang lebih baik.

Menyikapi hal tersebut, sejak lama Balai Bahasa Surabaya telah menerbitkan karya penulis-penulis Jawa Timur dari berbagai *genre*, baik karya sastra berbahasa Indonesia maupun daerah. Beberapa antologi puisi dan cerita pendek telah terbit dan didistribusikan ke seluruh Indonesia melalui Balai/Kantor Bahasa.

Selain merupakan upaya pendokumentasian karya sastra, tujuan penerbitan buku karya sastra adalah memelihara semangat penulis-penulis, terutama penulis

muda, agar terus berkarya. Penerbitan antologi *geguritan Layang Panantang* ini pun juga merupakan implementasi program untuk mengembangkan serta memberdayakan sastra Jawa. Kami berbangga ketika melihat masih ada beberapa penulis muda yang menulis karyanya dalam bahasa daerah. Semoga kebanggaan tersebut akan berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Surabaya seperti Bengkel Sastra dan Bahasa.

Terima kasih kami sampaikan kepada Kepala Pusat Bahasa, saudara Sumono Sandy Asmoro, dan juga panitia penerbitan buku ini.

November 2009

Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

ATUR PANGIRING

Jroning lelumban ing jagading sastra Jawa wiwit taun 1996, genre geguritan mujudake pilihan sepisanan sing kudu dak tulis. Kanggoku nulis geguritan ngono endah. Lagi nindakake prosese bae wis ngemu teges. Nganti bisa nglalekake rerasane kanca-kanca ing njaba sing kerep wadul jare nulis karya sastra Jawa ngono durung mesthi yen kena dijagakake kanggo cagaking urip.

Manut pamawasku ora mung sastra Jawa bae sing kaya ngono. Sastra liyane, kalebu sastra Indonesia uga mangkono. Kalah moncer yen ditandhingake karo jinising seni sing sipate kanggo hiburan. Nanging kabeh mau ora perlu ndadekake ciliking ati tumprap para punggawa sing seneng lelumban ing jagading kasusastran. Yen saiki durung akeh wong sing aweh kawigaten marang donyane kasusastran, ora ateges kasusastran mono remeh, babar pisan ora. Nanging malah tiba kosok balen, karya sastra wis dadi sawijining barang mewah, sing ora saben wong bisa *menikmati,* apa maneh nganti bisa nduweni.

Mula wiwit dina iki wis ora perlu ngresula, sambat, wadul, kanthi swara trenyuh sinambi netesake luh perkara donyane kasusastran, sing jarene kasingsal ing sampiraning jaman. Awake dhewe kudu percaya apa bae sing saiki bisa ditindakake, mbesuk mesthi

bakal ana gunane kanggo anak putu. Paling ora bisa menehi warisan ngenani cathetan jaman sing ora bakal kabusak dening owah gingsiring kahanan.

Mula saka kuwi aku kepengin banget geguritanku bisa dadi sawijining buku. Satemene wis akeh wong utawa saweneh pihak sing kandha arep nerbitake. Nanging bareng dak entani kabeh mau mung kandheg ing tembung. Nganti seprene durung ana nyatane. Atiku lagi cumeplong nalika Balai Bahasa Surabaya lumantar kadang Mashuri ngabari aku yen siap nerbitake antologi geguritanku.

Penggurit
Sumono Sandy Asmoro

DAFTAR ISI

HALAMAN JUDUL	i
KATA PENGANTAR	iii
ATUR PANGIRING	v
DAFTAR ISI	vii
Brubuh	1
Kitir	2
Gugat	3
Nalika	5
Aku Wis Dadi Maling	6
Layang Panantang	7
Tembung Sing Gogrog	8
Nintingi Tembung Manis	9
Langgam Karerantan	10
Gurit Saumpama	11
Langit Ginarit	12
Ballada Sura Blengeh	13
Crita Ing Mripatmu	14
Mripat Landhep	15
Bawa Rasa	16
Dudu Rasa	17
Narasi Rasa 2005	18
Medhitasi Rasa	19
Rasa	20
Elegi Bengawan Sore	21

Monolog Sepi 22
Satemene 23
Fragmen Pakeliran 24
Esemmu 25
Fragmen Semut Ireng 26
Prolog 2004 27
Saumpama Aku Lila 28
Prolog, 1 29
Pelang 30
Prolog, 2 31
Titi Mangsa 32
Dyah 33
Panggresah 34
Elegi Wengi 35
Elegi Pupus Gadhung 36
Wengi Iki 37
Kembar Mayang 38
Janur Kuning 39
Gurit Lintang Alit 40
Rambut 41
Yagene 42
Jroning Laku 43
Macan Loreng 44
Mendhung 45
Janturan Parikena 46
Guritan Sapu Wudhar 47
Susuh Tresna 48
Kaya Kapuk Kumleyang 49
Pupuh Palaran 50
Ing Kene Aku Sumendhe 51
Panas 52
Cathetan Awan 53
Gurit Awang-Awang 54
Napak Tilas 55
Driji 56

Tembang Grahanan	57
Dasanama	58
Stutmen Gara-Gara	59
Narasi Putih	60
Crita Ketiga	61
Monolog Mangsa Kapitu	62
Monolog Mangsa Sanga	63
Protelon Loji	64
Sing Urip Jroning Atiku	65
Nintingi Tembung Kangen	66
Pupuh Melankolis	67
Niyat Wening	68
Pupuh Pamitan	69
Melathi Rinonce	70
Tembang Grahanan	71
Tembang Pangruwatan	72
Medhitasi Langit	73
Sokalima 2006	74
Epigram Jingga	75
Rerepen Tembang Pangumbaran	76
Tanpa Cakepan	77
Mendhung Tumlawung	78
Elegi Pinggir Kali	79
Ayang-Ayang Rembulan	80
Langgam Ketiga	81
Langgam Wengi, 1	82
Langgam Wengi, 2	83
Ing Pucuk Langit	84
Swara Jago Kluruk	85
Mapag Laire Srengenge	86
Guritku	87
Elegi Mangsa Sepi	88
Prolog	89
Epigram Mangsa Panglong	90
Sura	91

Epilog Sore 92
Epigram Kacu Wungu 93
Keluk Rokok 94
Ing Walike Jilbab Putih 95
Tatuning Jaman 96
Layang Ketiga 97
Aku Ngaso ing Kene 98
Monolog Maret 99
Jarene 100
Ing Samburine Kelir 101
Epigram Esuk 102
Panjurung 103
Epigram Awan 104
Tapel Wates 105
Epigram Wengi 106
Tugu Pahlawan 107
Gogrog 108
Ing Ara-Ara Bawera 109
Epigram Rasa 110

BIODATA 111

BRUBUH

kena bae kowe ngerek gendera panantang
jer sedhela maneh perang brubuh bakal kawiwitan
apa maneh swarane jago kluruk wiwit nggiring
gendhinge wong golek rowang

jagung mangsa janten
wancine wong rebutan kamukten
nanging aja disengguh impen kesoren
yen ing adoh kana
ha na ca ra ka pilih nglegena
tanpa nganggo busana
tinimbang dandan cara kaprajuritan
rebut balung ing pabaratan
yen manut etungan kuna
iki jaman pilih winih, mitra
begjane sing isih bisa
ngilo ing kaca rasa

ireng lan putih mung panjenengan sing pirsa

Ponorogo, pungkasaning taun 2003

KITIR

kitir iki
isi panantangku marang wengi
sing kebacut anggone nguja sepi
dolanan swara asu baung nggegirisi

kitir iki
wujud pangundhamanaku marang awang-awang
sing kebacut brangasan
ngrentengi lintang, nguntal rembulan

kitir iki
srana gugatku marang isen-isening jagad
sing pijer royokan brekat
tan keguh njaluk ruwat

Ponorogo, 2000

GUGAT

aku gugat
menawa ngrembuyunge gadhung
ing pinggir lurung kae kok babat
yen kowe nganggep ledhung-ledhung godhonge
amung kinarya pamikat
iku satemene mung panemumu sing kurang limpat
anggonmu mbedakake antarane kodrat lan wiradat

mendemi?
iku kanggone sing durung ngreti
legi, gurih, utawa sepa, pancen kena kanggo timbangan
nanging dudu ukuran
lan ing kene kang kudu dipikuwat
satemene dudu ilat, nanging mripat
minangka gendhewaning tekad

yen gadhung kok sengguh gadhungan
aku gugat

gadhung pancen dudu tanduran pethingan
kang kena ditandur ing pot-pot peni
lan kapajang ing meja-meja kantor
nanging semi saka winih-winih kang kasimpar
nalika abure bethet nabrak-nabrak

selak kesusu mencok ing pange wora-wari
senajan saiki ora kerumat
nanging ing ijo pupuse wis tinulis kodrat
kang mbesuk bakal crita marang kabeh rakyat
ngudhal sawernaning pisambat
nganti aku gugat

Ponorogo, gagat rahina

NALIKA

gurit iki
lair
nalika wis ora ana kumleyange layang tresna
biru maya-maya kapaes aksara jawa
nalika kidung wengi wis ora diiringi
ngrangine swara gamelan nyendhal ati
nalika ing saben pasamuan wis ora nate dak prangguli
prawan
sunthi nganggo pinjung lan sanggulan

gurit iki lair mbarengi udan ketiga salah mangsa
nalika aku
nalika kowe
nalika dheweke
mlayu mrana-mrene
golek urip dhewe-dhewe

Ponorogo, 7 Mei 2003

AKU WIS DADI MALING
(kabar kanggo pendhita druna)

nalika kowe wis ora krungu
swara kulanuwunku
ateges wis ora ana angin sumilir
sing kena dititipi weling
wusana ana pletiking geni
kang ngobong gorehing ati
ya atimu sing kadhung dadi bandan
kapikut dening gebyaring metropolitan
nganti lali werdining sedumuk bathuk
sanyari bumi

eman banget yen nganti ha na ca ra ka
katut dadi wawa
kasimpar saka dhampar semedi iki

mula mumpung durung kadhung
katut kagulung aji(mu) mumpung
ing wengi iki wis dak niyati
nedya dadi maling
nyolong guritan
kang kok cencang ing kurungan
dakgawa kekitrang
golek papan bawera
kanggo bawa rasa

Ponorogo, tutup taun 2002

LAYANG PANANTANG

gendhewa rasa dak penthang
sinambi kekitrang ngoncati sepi
wengi wis dudu memala
lan sepa wis manjing dadi mitra

ora ana sing perlu disingkrihi
yen keplasing anggit wis nyawiji
ing sumilire angin
padhange rembulan bakal nuntun
marang sejatine dalan kasunyatan

tanpa guna bunglon pencolotan
mancala putra
munggel pang-pang gegayuhan
pangimpenku ora bakal gogrog
mung amarga kinepung
pedhut-pedhut esuk
awit ing walike peteng sejati
ana sejatine padhang
coloking panantangku
mring sesuker sewu ngreridhu laku

Jakarta, Oktober 2005

TEMBUNG SING GOGROG

wis akeh tembung sing gogrog
kelangan teges
nalika srengenge dioyak bocah ngarit
nganti langit nelangsa kelangan rupa

nanging nganti seprene durung ana ukara
sing bisa gawe mareme lemah rengka mangsa ketiga
seprana-seprene bocah angon mung bisa ura-ura
lelagon sepa manut ocehe manuk sriti
sing tansah mabur gawe kalangan njaluk udan

wis akeh tembung sing gogrog
kelangan teges
njelma dadi tembok-tembok prakosa
mbendung sumilire angin sing nyebar kabar
ngenani tumindak cidra sing kebacut dadi
crita sambung
nanging angin tetep dadi angin
lan terus sumilir
njawil gegodhongan supaya padha obah
jalaran urip ora pinurba kuda kalah

Ponorogo, 16 September 2003

NINTINGI TEMBUNG MANIS

wis makaping-kaping kuping iki
kok bisiki
nganggo janji manis
rinengga endahing ukara lungit
sundhul langit

nanging saben-saben rampung gawene
mung padha mbisu
kaya wong tangi turu
sing lali impene

saiki padha polaha sak karepmu
mbengoka sak rosamu
sinambi ngerek angen-angen
ing sangisore gendera lurik
pilihanmu

aku trima nyawang saka kadohan
dadi wayang simpingan
ngenteni tangane Dhalang njebol gunungan

Ponorogo, 31 Januari 2004

LANGGAM KARERANTAN

muga-muga tanganmu kuwat nggegem kesabaran
nalika jangkahing sikil sing ngambah dalan rumpil
among tansah kecocog krikil sing njalari
dumadine tatu-tatu anyar
kamangka sewu tatu lawas isih
krasa perih ngutahake abang getih

muga-muga mripatmu ora sulap
nyawang gumebyare lampu-lampu atusan watt
kang tansah kencar-kencar pamer sunar
ing dalan-dalan kutha lan gedhung brewu
susun wolu
sawetara iku senthongmu katon saya klawu
ora nate kampiran cahya pepadhang
senajan mung satleraman

muga-muga atimu bisa nglenggana
krungu aloke si kuntul
yen sing kok ingu wiwit september kepungkur
jebul mung wedhus prucul
dudu macan tutul

Ponorogo, Maret 2004

GURIT SAUMPAMA

saumpama anak-anakmu biyen
nate kok tepungake karo panas
kira-kira bae saiki ora kidhung
srawung karo srengenge
jagongan karo geni
dolanan karo wawa

saumpama anak-anakmu biyen
nate kok tepungake karo adhem
kira-kira bae saiki ora bingung
kepriye carane kenalan karo udan
paseduluran karo samudra
memitran klawan banjir bandhang

saumpama anak-anakmu biyen
nate kok tepungake karo perih
kira-kira bae saiki wis padha ngreti
carane salaman karo glathi
kenalan karo keris
rembugan karo pedhang

nanging emane bocah-bocah
sing durung wareg ngrasakake uyah kuwi
mung kok pameri tembung mukti
ngusung swarga donya jroning
angen-angen kang garing

yen saiki anak-anakmu mung bisa ngrentengi
impen-impen wengi
ora keconggah polah, ngongak jagad kasunyatan
sing mbutuhake ati gumregah tangan kumrembyah
sapa sing salah?

Ponorogo, 1 Februari 2004

LANGIT GINARIT

langit ginarit nalika srengenge
lali ngedum sunare
awit ing ara-ara
bocah ngarit butuh cahya
supaya bisa nyawang kanthi damang
ijo suket, ijone pangarep-arep
kang sasuwene iki katon samun
sinawung bledug mangsa ketiga
sing saya mumbruk
tanpa sinempyok bun-bun esuk

Ponorogo, 15 Juni 2001

BALLADA SURA BLENGEH

sura blengeh, tumoleh
nyawang kaca pangilon ing boman
sawise dandan cara warok
klambi ireng, clana ireng, udheng ireng
nuli jumangkah
nggoleki swara gamelan ngungkung
ing tengah alun-alun
rumesep balung sungsum
neng nong neng gung
neng nong neng gung

sura blengeh mesem
terus jogedan mlebu tengah kalangan
"biyuh-biyuh jan ora ndlomok tenan,"
ngono aloke nalika weruh wong-wong rebutan
ngangkat barongan

sura blengeh mubeng kalangan
ngetung tontonan sing pamer kabisan
ana dhangdhutan, ana jathilan,
ana larungan, ana kakang sendhuk sisan
nanging ana endi dununge geguritan?
"takona geranganmu sing ongkang-ongkang
ing paseban kae," aloke kancane

sura blengeh tumoleh nyawang paseban
ing atine tuwuh karerantan
jebul isih ana kang kasingsal
ing wilahane jaman

Ponorogo, Maret 2004

CRITA ING MRIPATMU

wengi sing kabotan impen
mung nyawang tanpa kumecap
nalika crita ing mripatmu
siji mbaka siji dak tata jroning ati

pancen ana rasa perih
nalika tangan iki nggrayang
tumpukan buku lawas
sing nate dak nggo nyathet umure rembulan
sadurunge gogrog, nasang ing pucuk gedhang

nanging kabeh mau luwih prayoga
tinimbang among nyawang sumiliring angin
kesasar jroning rupa ireng ngregemeng peteng

sawetara iku critamu terus dak gawa
lunga adoh
bakal dak dandani dadi crita esuk
critane jago kluruk

Ponorogo, 15 September 2003

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

MRIPAT LANDHEP

ing sore kuwi dak temokake maneh
mripat landhep ngiris ati
nganti ajur rojah-rajeh
(nanging ora krasa perih)

njur dak bukak lawangku
dak bukak dhadhaku
mripat landhepmu terus ngiris
daging waras ing saranduning awak
(nanging ora ninggalake tatu)
sing ana mung seger sumyah
ngutahake rasa bungah

mripat landhepmu terus dak tekem
dak gegem kenceng
nganggo driji mucuk eri
emane, saya suwe saya ilang landhepe
saya suwe saya krasa ninggalake
rasa perih ing antarane abang getih

mripat landhepmu dadi barang wungkul
gumlundhung saka meja dadi memala

Ponorogo, Agustus 2004

BAWA RASA

nalika ken arok mbedhang ken dhedhes
tenane ora mung nglabuhi perkara
tresna
jagad wis luwih saka cukup
anggone nyawisi rasa sih
pindhane samudra
sing ora nate kasatan tirta
    nanging amarga ana gegayuhan
    ngowahi jaman
kang ora mung cukup
didoli sabar lan tlaten
pindhane wong nandur
ngenteni undhuh-undhuhane

pancen mung saglugut
bedane bener lan luput
gumantung marang panyawang
sing menehi pambiji
sarta milah lan milih
antarane ireng lan putih

Ponorogo, 25 April 2004

DUDU RASA

dudu rasa perih
sing njalari ati njola
nalika glathi mancep ing dhadha

dudu rasa wedi
sing njalari ati mamang
nyumurubi tatu arang kranjang

nanging sambate ibu bumi bapa kuwasa
sing tansah kipa-kipa ora mentala
nyawang nusantara
tansah siniram ludira
sing kutah saka dhadhane para putra

Ponorogo, Juli 2004

MEDITASI RASA

ngungkurake sepi
rambut dak taleni
ati dak bundheli
yen urip iki pindhane wong mampir ngombe
lilanana aku nyigar langit
nguras udan
supaya ilang ngelak sing dak rasakake tetaunan

Jakarta, Maret 2006

RASA

rasa perih iki
ora bakal dadi tangising ati
aku wis nglenggana
tatu sing kok tinggal ing
dhadhaku
pancen wis imbang karo madu
sing nate dak cecep saka
lathimu

Ponorogo, 27 Agustus 2003

ELEGI BENGAWAN SORE

nalika ana banyak nglangi
meh kentekan ambegan
nglawan banjir ing bengawan sore
sing dikirim dening udan ketiga salah mangsa

ana tukang njala numpak gethek
nguncalake jaring
tembunge kepengin nylametake
kang nandhang kasangsayan

ah, nanging wekasane nasibe banyak
ora luwih apik tinimbang pitik potong
urip sepisan rinancang dening liyan kanggo pangewan-ewan
awit tukang njala mau butuh kurban
kanggo bancakan

Ponorogo, 6 September 2003

MONOLOG SEPI

wis mabur adoh manuk jalak
sawise ucul saka kurungan
kasep, yen saiki kowe kandha kepengin
krungu anggunge
sambatmu marang sing duwe
uga muspra
jalaran si tukang ngarit wis lunga
nggawa kranjang isi golek kencana
duweke galuh candra kirana

Ponorogo, 21 Juli 2001

SATEMENE

satemene ana sandhiwara
sing nggelar crita
endah
emane wis mapan ing lembarane
dina wingi

satemene ana esem ngujiwat
sing bisa gawe sengseme jagad
emane mung dumunung ing perangane
dina wingi

satemene ana cahya padhang
pindha sewu lintang alihan
gawe pangeram-eram
emane wis kelakon
duking nguni

satemene ana rasa kangen
yen pinuju noleh memburi
mbiyaki lelakon dina kawuri
emane
senajan sewu cara wis dak coba
sewu buku daksinau
meksa ora ana dalan sing kena diliwati
kanggo tumuju dina wingi

Ponorogo, 21 April 2004

FRAGMEN PAKELIRAN

aneh yen isih ana sing takon
semar gugat sapa sing ngongkon
uga marang aku
rasane kok lucu
yen isih kawetu tembungmu
ngasah glathi nggrenda pedhang apa karepku

aku wayang
sing nyebal saka pakeliran
saiki kudu perang
karo para yaga lan dhalang

Ketintang, 1 Juni 2000

ESEMMU

ora ngira esemmu dirubung semut
gumlethak, dicuthik bocah dolanan
ing pinggir dalan
kamangka wingi sore lambe
sing nggula satemlik kuwi
isih kober dipotret wartawan
njur muni ndremimil
nglunturake lipstik

ora nginang, ora udut
daksawang mrengut kaya badhut
jebul esemmu dirubung semut

Ketintang, Juni 2000

FRAGMEN SEMUT IRENG

kursi sak setel ditata ngadhep meja dawa
sega sabungkus gumlethak ing sandhuwure

iki wancine semut ireng bancakan tumpeng
nalika gogrogan upa dadi sumber pawarta
lan mayuta-yuta mata
mandeng kanthi kebak rasa cubriya
oh, jaman kala bendhu
sajen apa sranane pangruwatmu?

nalika meja lan kursi dipundhi-pundhi
ana kukus kumelun
sundhul awang-awang
sing padha nyawang bakal kagiwang
nanging sing padha ngranggeh durung mesthi pikoleh
gumantung marang semut umpra
rebutan upa
marang sapa dheweke bakal masrahake
swarane

Ponorogo, Juli 2004

PROLOG 2004

lembaran-lembaran wektu sing bakal koncatan
katresnan
panggantha lan panggadhang
tuwuhing samubarang kang sarwa gumebyar ora dadi
kanyatan
greget kanggo gumregah ngupaya berkah
dadi ora keconggah
samubarang gawe gogrog ajine
kasembur abange lambe
ing kana kene mung ngabarake
blembuke wong rebutan kalungguhan

Ponorogo, pungkasaning taun 2003

SAUMPAMA AKU LILA

yen kowe arep njaluk getihku
dak wenehi
waton kowe percaya
sing mblabar abang kuwi getih
dudu somba

yen kowe arep njaluk atiku
dak lilani
waton kowe ngreti
sing arep kok ganyang kuwi ati
dudu driji

yen kowe arep njaluk rambutku
mengko dhisik
saumpama aku lila
apa kowe tlaten ngopeni lisa
sing saben wengi
ngelak inspirasi iki?

Ponorogo, 6 September 2003

PROLOG, 1

satemene wis suwe aku
pasrah
nanging nganti seprene durung rumangsa
kalah
isih ana obahing rasa sing bisa
polah
ngitung swarane jantung sing tansah kapenthung
katundhung

Ponorogo, 3 Mei 2003

PELANG

ketiga rendheng tanpa leren
ombak gumulung mecah kasepen
ngidungake langgam panguripan
sandhuwuring wedhi-wedhi pesisir
sing setya nyimpen cangkriman
jaman

pesisir pelang
papan jujugan tumrap kuntul-kuntul maneba
sing padha kulak pawarta
saka telenging samudra

senajan bumi gonjing
udan salah mangsa
kedhep srengenge ndedawa lara
nanging pelang tetep nyimpen crita
tumrap anak putu sing butuh ngreti
bedane donga lan mantra

Pangumbaran, Mei 2007

PROLOG, 2

ora bakal dak lepeh pait
iki
nganti obahing ilat bisa nggiring
ati
marang punjering rasa sepi

Ponorogo, 3 Mei 2003

TITI MANGSA
(kanggo Zahroh Mufidah)

syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur
dak sawang saka kadohan plataranmu
wis dikebaki kembang abang jambu

mitraku, golek kayu cendhana ing pangkonmu
sing akekudhung sutra biru pranyata bisa
nyungging birune samudra, maes birune angkasa
sing dadi papan jujugane tangan kamulyan
ngrentengi lintang ngranggeh rembulan

syukur yen mangsa ketigamu wis mungkur
lemah-lemah cengkar wis katon bawera
bun-bun esuk padha mara sanja
saka kadohan aku melu gumuyu rena
dene winih gurit sing nate gogrog ing atimu
saiki uga tuwuh ngrembaka
mekar tumangkar nyulami tanduran garing
sing oyode wis rantas kapangan jaman

Ponorogo, 7 Mei 2003

DYAH

kudune sliramu ngreti
siji mbaka siji
tali sing rantas wis dak pedhoti

dyah, ing tanganku saiki mung kari
ana tali sawiji
tali sutra kumala
rinakit saka lungiting ukara
nedya dak anggo nyencang atimu
supaya awake dhewe bisa
bebarengan ura-ura
mecaki dalan tresna
sing menggak-menggok kebak sandhungan
iki

Ponorogo, Juni 2003

PANGGRESAH
(kanggo reroncenku)

pangangenku
ngambang ing antarane rasa kangen lan kelangan
parandene
kledhange ayang-ayangmu pijer kekitrang
puguh
angkuh, ngucireng saka sakehing tembung wanuh
paribasan
wis ajur sikil iki nyasak eri bebondhotaning lelakon
paripaksa
durung ana sasmita kapan esemmu tumenga
panggresah
iki muga dadi lantaran tinarbukaning manah
pungkasan
muga ana keploking tangan senajan adoh ing pojoking
lelakon

Jakarta, November 2005

ELEGI WENGI

wis dak niyati, arep nurokake ati
ing wengi iki
tanpa guna tetembangan
yen tatu isih arang kranjang
ya mung kari pasrah
usada sing isih bisa keconggah
mula dyah, saiki aku sumarah
kopi sacingkir pawewehmu wingi
wis bisa mbeningake ati
senajan saiki langit kinepung mendhung
aku ora bingung
jalaran lintang waluku
wis pindhah ing netramu

Karangreja, 3 Juni 2000

ELEGI PUPUS GADHUNG

lumantar pucuking wengi
aku nggugah sepimu
dak wanek-wanekake nembang kinanthi
senajan swara iki
isih amping-amping ing pojoking tangis
mung beteke ora kepengin
kedhisikan tekane panglong
sing bakal mbutel cakrawala
nganggo rupa ireng ngregemeng peteng

mumpung isih ana satleraman
cahya pepadhang, nimas
ayo diringkesi ati
sing kebacut ajur iki
sapa ngreti ing antarane rasa lara
isih ana winih tresna
kanggo nggusah sepi
ing pucuking wengi
sing kebak pepali iki

Surabaya, pungkasaning taun 2000

WENGI IKI

aku ngreti yen wengi iki
kowe nangis ngguguk ing paturon
nggetuni tangan sing durung
gaduk
ngranggeh lintang alihan
kamangka cahya sing pating krelip
kuning sinangling
kuwi wis sawetara suwe kasimpen primpen
ing pojoking angen

aku ngreti wengi iki
kowe nangis ngguguk ing paturon
luhmu bakal mili mbrengkali
werdine impen kadaradasih
sing sasuwene iki kandheg
ing tembung saumpama

Jakarta, November 2005

KEMBAR MAYANG

kembar mayang wis mapag tekamu, kadang
mapag tekane dina-dina anyar
ing kono werdining urip bakal kababar
awit kupu sajodho wis sumadya tetegar
nyasak jembare awang-awang
nyebar wangine kembang
sawise tetaunan tapa ngrame
wujud enthung gedhe cobane
saiki wis luwar
saiki wis ketemu sempalane iga wekas
sing tetaunan ilang gawe was sumelang

kembar mayang wis mapag tekamu, kadang
kembaraning karep
sangu numpak baitaning bebrayan
kanggo nyabrang segaraning urip
muga sembada tumapak ing gisiking gegayuhan

Ponorogo, 2009

JANUR KUNING

mitra, dina iki soroting srengenge mbabar kaendahan
awit ing saben pucuk godhong sinungging
welinge angin sumilir
sing wis saguh kinarya pangiringe lakumu
jroning netepi kewajibane umat
ngrakit prajanjen endah sangarepe janur kuning
rinengga pepaesan kembang lan
klapa gadhing sandhuwure gedhang raja

dina iki soroting srengenge mbabar kaendahan
lumantar janur kuning rinengga pepaesan kembang
mitra, aja sangga runggi
lelakon kawuri ora perlu digetuni
yen antarane biyen lan saiki nyimpen sewu petungan
ing sadawane dalan iki cangkrimaning urip bakal
kabatang

Ponorogo, 2009

GURIT LINTANG ALIT

lintang alit
saben wengi jerat-jerit
swarane nggrantes ngrenda ati pepes
nelahi wayah mbaka wayah ngupadi werdining sepi
milah tan wenang amilih
tundhone amung bisa pasrah
nglenggana menawa rahina dudu duweke

lintang alit, lintang alit
kelap-kelip ing kamare langit
sapa nganggit
yen saben kledhange tansah ginupit
kodrating urip

lintang alit lintange wengi
kijenan tanpa rowang
nyangking sabentel cangkriman sing durung kabatang

apa isih ana kang ngemu teges
ing plataraning langit kang anyep, sepi, nggrantes?
sedheng lelakon mbaka lelakon tansah nyeret ati
menyang kamuspraning wengi sing jembar tanpa wates
iki

Jakarta, Desember 2005

RAMBUT

rambutku bali daktalekake menyang
layangan
sing wingi sore pedhot buntutane
saiki bali mumbul menyang
awang-awang
wis ora ana maneh wektu
tumrap sliramu
kanggo njumputi lingsa
ing sirah sing winginane
isih kober kok anggo dolanan
unyeng-unyenge

Jakarta, Januari 2006

YAGENE

yagene kudu ana pager
sing misahake kulon lan wetan
kamangka laire geguritan
ora kawiwitan
kanthi tumindak slingkuh utawa mrawasa
prawan sing durung ngreti bedane saloka,
bebasan, lan paribasan

yagene kudu ana rasa cubriya
nyawang penggurit dolanan ukara
kamangka yen ing antarane dheweke ana
sing wani ngaku putune ken arok
sengara wani njongkeng kawibawan
senajan crita rakyat wis mbuktekake
ing saben lembar owah-owahaning sejarah
mesthi ana rasa perih blundrah getih

yagene ana rasa sumelang, ngedum crita marang liyan
kang rinasa ora sajambe sapenginang
kamangka yen bisa nglenggana urip iki pindhane
sandhiwara
ireng lan putihe crita wis ana sing nganggit
wis ana sing nata

Ponorogo, 22 Juni 2003

JRONING LAKU

angin sing ngampirake laku
nglungguhake aku lan kowe
runtut kaya wayang simpingan
sangarepe dhalang
pindhane ukara banjur dipantha-pantha
jejer, lesan, lan wasesane
adhuh mitra, aku lan kowe
jebul nate ngombe banyu
sing padha segere
lungguh ing klasa
sing padha jembare
liwat dalan sing padha lempenge
senajan seje mangsane

angin sing ngampirake laku
nglungguhake aku lan kowe
'bawa rasa sawetara ngonceki cangkriman ketiga
sadurunge bebarengan ngeli turut lakune dina
sing nggawa werna-werna patembaya

Ponorogo, 4 Mei 2005

MACAN LORENG

macan loreng
nggereng mrojol saka krangkeng
mlaku turut dalan sudhetan
nggoleki watu gilang
papan lungguhe sing ilang
nalika banjir bandhang

macan loreng
mung bisa mlenggong
weruh kanca-kancane ganti sandhangan
supaya ora ditumbak wong bebedhag
sing butuh buron alasan

macan loreng
kelangan crita, kelangan dongeng
senajan untune wis ompong
nanging sing ngati-ati, mitra
lambene isih ngemu wisa

Ketintang, pungkasaning taun 2000

MENDHUNG

yen mendhung padha glimpungan
pacak baris ing awang-awang
tenane kuwi kabeh lupute srengenge
sing emoh ndandani kawicaksanane
"sabda pandhita ratu
tan kena wola-wali" ngono wangsulane
nalika angina nakokake
yagene dheweke ora
nggatekake
swara sora sing njaluk
kawigaten kae
kamangka pancen wis suwe lemah rengka
mangsa ketiga ngelak tumetese bun-bun tresna
nanging nyatane nganti seprene sing dirasakake
mung panas
swara santak ngabarake hawa panas
kawicaksanane srengenge malah gawe swasana saya
panas
apa pancen critane jagad wis meh tuntas?!

Ponorogo, 21 Januari 2003

JANTURAN PARIKENA

ombaking segara ngelus gisiking ati
nyolong gurit kang sumampir ing senar pancing
binuncang nyiram lungka-lungka ketiga

awang-awang koncatan lintang
rembulan surem tanpa guwaya
kepengin lumban ing beninge samudra

angin sumilir nyambung pangrasa
ngudang pitakon kapan kelakon
awan lan bengi dadi salembar
sapa aruh linambaran godhong suruh
kangene suwung cinidra mendhung
saben klebate nyolong jantung ndhedher wuyung

Ketintang, 30 Maret 1997

GURITAN SAPU WUDHAR

pindhane sapu sing ilang suhe
mblasah sumebar satengahing latar
mrenca dhewe-dhewe
ora karuwan tanjane
aja ngimpi bisa ngresiki sakabehing sukerta
jalaran yen ijen jenengmu mung sada
kaya dene emprit sing kepengin
mencok ing plataran rembulan
yen ana sing wani ngaku dadi sada lanang
sadurunge bisa nulungi kleting kuning
mbanting raga sapinggiring bengawan

pindhane sapu sing ilang suhe
mblasah sumebar satengahing latar
mrenca dhewe-dhewe
ora karuwan tanjane
luwih becik manunggal dadi siji
urip senasib minangka sesanti
gedhe cilik dudu ukuran
endhek dhuwur padha sinawang

Ponorogo, 5 Mei 2005

SUSUH TRESNA

pirang bara kowe mabur adoh
kaya keluk kumleyang ngoncati geni
nglalekake kobonge kayu dadi latu
jalaran wis tanpa guna ngungak patumangan
rasa panas kadhung nandhes warata
sandhuwuring tumpukan bata
nglukis gupita werna abang jingga
getun keduwung among kari gunem suwung
panjeriting ati ora bisa mbukak dalan
kanggo tumuju dina wingi
tunggak alang-alang
ora bisa ngrenda endahing panyawang
kaya nalika alas tresna isih katon ijo ngrembaka
rinengga endahing suket teki
sumebar warata salumahing bumi

pirang bara kowe mabur adoh
kaya keluk kumleyang ngoncati geni
gawe susuh tresna ing angkasa
nglalekake rasa cuwa ati rengka

Ponorogo, April 2005

KAYA KAPUK KUMLEYANG

kepengin rasane bisa mumbul kaya kapuk
sinentor angin
bisa kekitrang ing awang-awang
kumleyang tanpa sanggan
bisa nyalami godhong-godhong sing nate ngayomi
bisa nggrayang pang-pang sing nate dianggo
gandhulan
bisa nyimpen impen lungit sundhul langit
emane seprana seprene durung ana angin sumilir
sing kuwat njebol sikil kang kebacut mancep
ing ara-ara
bola-bali sing mampir mung wirama banjir
gawe ati kentir
campur larahan sapirang-pirang
nyesegake ambegan

Ponorogo, Maret 2005

PUPUH PALARAN

apa isih ana
sing wani ngungalake dhadha
yen kutha sing nate nglairake
srengenge
saiki ngutahake abang getih?

layare jagad wis tinarbuka
ireng lan putih kabeh wis pirsa
wis wancine singa awulu domba
digiring menyang pagrogolan

dudu jamane nguri-uri tunggakan kemladhih
sing padha silih ungkih nyingitake pamrih
supaya kutha sing sambat perih
ora kakehan ngutahake getih
sumbering pangrintih kudu katindhih

Jakarta, Agustus 2005

ING KENE AKU SUMENDHE

wekasane aku bali ngadhep
nothok kori-Mu
masrahake sawernaning sesanggan
sing wis ora kuwat pinikul pundhak
jinunjung tangan

wekasane aku bali ngadhep
ndhedher sewu pangarep-arep
ing kene
ing sangisore payung agung-Mu
aku sumendhe
merit gurit werit
nyuwun lumunturing kawelasan
muga sesuk esuk
jumedhule srengenge ing bang wetan
rinengga kidung pangruwatan

Ponorogo, Agustus 2007

PANAS

srengenge sansaya panas
ing imbang kulon ngobong
godhong-godhong cemara
gogrog
sore sing isih adoh saka karepe
bocah angon sing mbutuhake
segere hawa
kaya nalika angin sumilir
nyebar gandane kembang-kembang kacang
saka pategalan

srengenge sansaya panas
ing imbang kulon ungak-ungak cendhela
eseme abang kebak kamenangan
sajake durung rumangsa
wis wancine gumanti mangsa

Ponorogo, Agustus 2007

CATHETAN AWAN

awan iki wis ilang gambaran kerukunan
tumrap para menjangan
sing padha-padha playon ing alas
ndedawa napas
kamangka mau nalika ocehing manuk
ing gegrumbulan aweh pratandha tumekaning esuk
menjangan-menjangan padha guyon parikena
holobis kuntul baris tan kemba manunggalake rasa
sakabehing pepalang linumpatan
abot entheng sinangga bebarengan

awan iki wis ilang gambaran kerukunan
ing sela-selaning napas mung kari cumanthel esem sepa
sajak kapeksa
kamangka srengenge wis nganther ing ndhuwur bener
sedhela maneh bakal ngglewang mangulon
banjur nyandi parane?

awan iki wis ilang gambaran kerukunan
sing isih bisa disawang saka saben kedhep mripat
mung rasa kemrungsung ngrangsang gunung
golek menang sikut-sikutan karo rowang

Ponorogo, 16 Agustus 2009

GURIT AWANG-AWANG

pancen awang-awang mung saderma dadi ajang
nalika kuntul-kuntul kumleyang
rebut banter nothog puser srengenge
nalika crita angkasa
durung bisa ngowahi nasibe suket grinting
sing pasrah sumarah sandhuwuring lemah padhas

pancen awang-awang mung dadi ajang
ora wenang nyuraki kuntul-kuntul kumleyang
rebut menang
wusana candhikala kasimpar saka
plataraning langit
sumilire angin mung bisa ngemuli prawan sunthi
sing bingung ngukur dawane jantung
jroning omah suwung

Ponorogo, 21 Maret 2008

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

NAPAK TILAS

wengi iki aku wiwit jumangkah
nyasak dalan sapecak
napak tilas sikil-sikil tatu
lakune pandhawa sing kalah main dhadhu
perih iki wohing kajujuran
sing disebratake dening para
culika sing ngaku dhadha satriya
ya iki werdine impen kadaradasih
nalika kuncaraning langit koncatan
kedhep lintang lan esem rembulan

wengi iki aku wiwit jumangkah
napak tilas lakune pandhawa
kalah main dhadhu
iki pendadaran sejati
iki pangumbaran sejati
tumrap winih-winih kesisih
sing negesi werdining perih

Panggul, 22 Maret 2008

DRIJI

nalika driji iwut
ngonceki werdining urip
lumantar tetesing bun
wayah esuk
ana sing kumembeng ing antarane
ireng lan putih
ngupaya sranane pangruwat
samangsa kodrat isih bisa diwiradat

Jakarta, 7 Juli 2006

TEMBANG GRAHANAN

senajan mung sagebyaring thathit
kledhange ayang-ayang sing mlumpat sungapaning
bengawan
ninggal tenger rasa geter tandha sapatemon
awujud tembange angin
kanthi wirama langgam karerantan
rerumpakan tangise rembulan blundrah getih

nanging panglonging wengi dudu wates
kang njalari dina candhake kelangan teges
angin isih bakal terus sumilir
nyalami bocah dolanan
sing kepengin menehi teges marang
saben clorot sunar rembulan
senajan ora wutuh bunder seser merak ati
kaya pinuju purnamasidhi

Ponorogo, Oktober 2004

DASANAMA

gantiya jeneng sedina kaping sanga
sing lungguh kursi ing astina
kuwi wonge padha
duryudana, kurupati, jaka pitana
utawa embuh sapa maneh
arepa nyilih jeneng saka manca negara
cak-cakane mesthi padha
pedah apa ganti sandhangan
yen isih kudhung lulang macan?

aku lan kowe pilih ndedonga
enggal teka baratayuda
ing kurusetra ukum alam dijejegake
saengga dhampar semedi ora kendhang
jroning rasa perih banjir getih

Ponorogo, Oktober 2004

STUTMEN GARA-GARA

tembang panantang cengkok palaran
kasigeg
perang gagal wis rampung
umbul-umbul lan gendera bali dilempiti
jroning kothak para senapati
ngetung tuna rugi

blencong sumunar kencar-kencar
nyoloki sewu tatu sing isih keri
ing pakeliran
munggel impene para penggedhe
sing nggege mangsa
tumurune wahyu mahkutharama

lamat-lamat gerongane waranggana
ngangetake swasana
nggugah sing padha ketungkul mbundheli
ratu kenci
:sawetara iku suluking dhalang aweh sasmita
wis wancine ngancik ponang gara-gara

Ponorogo, 30 Mei 2004

NARASI PUTIH

saiki padha ngaku putih kaya kapas
ora rumangsa wingi sore padha malangkrik
sinambi dandan nganggo klambi lurik, pilihane
ngalor ngidul migunakake aji mumpung
mumpung padhang rembulane
mumpung jembar kalangane, jarene
putih yen mung perkara rupa
putih yen mung sinawang mata
pedah apa?

saiki padha ngaku putih kaya kapas
ora rumangsa atine ireng
gosong
kapanggang ubaling gegayuhan
sing ora timbang

Ponorogo, 20 Nopember 2004

CRITA KETIGA

jroning mripatmu crita ketiga
terus ngrembaka
mulas beninge banyu bengawan
ing kono dak temokake dalan lurus
kaya rambutmu sing ireng njanges

liwat dalan lurus iku dak endhangi
thukulan geguritan sing nate dak tandur
ing impenmu
nalika udan salah mangsa
nggogrogake kembang kenanga

saiki atiku segara
ora bakal swala nampa
saben tetes luh sing ngemu crita
:saka mripatmu

Ponorogo, 21 Nopember 2004

MONOLOG MANGSA KAPITU

muruba kaya geni
supaya bisa dak titeni
ing endi papan dunungmu
sumilira kaya angin
supaya bisa dak ngreteni
menyang endi saben klebatmu
kumricika kaya iline banyu
supaya bisa dak rasakake
segere pangaribawamu
antenga kaya bumi
supaya bisa tinulad
apa kang dadi gegebenganmu
kedhepa kaya keliping lintang
supaya bisa dak sawang
werna-werna kaendahanmu
padhanga kaya rembulan
supaya bisa tinrawang damang
sakabehing wewarah wewangsonmu
sumunara kaya srengenge
supaya bisa dak rasakake
geter patering kawicaksanmu
jembara kaya langit
supaya bisa tinulad
sakabehing wekas kesabaranmu

Ponorogo, 2008

MONOLOG MANGSA SANGA

nalika tembung guyon dadi pasemon
nalika panyaruwe dianggep pangece
nalika salam memitran ditegesi memungsuhan
nalika kasukan wis dadi kadurakan
nalika saben obahing tembung kelangan petung
nalika
nalika nalika lan nalika
wis dadi nalika
luwih becik menggok dalan
nggelar klasa satengahing jogan
ngglethakake sakabehing sesanggan
sapa ngreti jroning turu kepati
isih bisa ngronce melathi
sinambi tetembangan ndedawa ambegan
ya mung kari kuwi
pangarep-arep sing isih sumlempit
ing pucuk langit
nalika sakabehing ukara ndedawa lara

Ponorogo, 2008

PROTELON LOJI

ing pojok lor kulon isih katon
wewayangane nyonya susana
mamerake rambut pirang dawa sabangkekan
yakuwi susuhing akal prambataning nalar
nalika sisuta sinaya sarowange diperes kringete
holobis kuntul baris
yen ora manut mungsuhe mimis

ing pojok lor wetan
sapandurat katon gumawang
wewangunan kuna nyimpen werna-werna pangrasa
duk kalane angin sumilir
sisuta sinaya sakancane padha nglilir
mung antenging pikir sing ora kentir
nalika segara rob, kali panggul banjir

protelon loji
njenggureng anteng nyimpen sewu wewadi
yen dalan sidhatan iki dak lumpati
playuning ati bakal tumapak ing endi?

Ponorogo, 2009

SING URIP JRONING ATIKU

dudu impen kadaradasih
yen esuk iki aku nemu gurit
ing mripatmu
jalaran tetesing bun
ora nate aweh tengara
yen abure merak sing biyen kedhungsangan
saiki bali menyang kurungan
sinambi ngiwi-iwi mbebedha ati ketiga
sing seprana-seprene gumlethak
ing antarane wengi-wengi sepi
tanpa ana obahing kangen
sing njalari ati gumregah polah
ngungak jagad anyar kebak kembang-kembang mekar
ngretiya ngono dak jarake bae
kluruke sing jago kate
sing nawakake obor blarak
coloking laku sapecak
nalika wengi durung sumilak
ah, nanging urip iki nyakra manggilingan
aku trima nintingi guritanmu
sing saiki urip jroning atiku

Ponorogo, 2008

NINTINGI TEMBUNG KANGEN

kangenku kaya ketiga
sing kepengin weruh gebyaring thathit
ginugah sumiliring angin sore
sing nyebar kabar jingga
lumantar aruming melathi rinonce

kangenku marang (aku)

sing biyen tanpa leren mecah kasepen
lumantar swara ombak
kang gumulung atimu
sing biyen wani kedhungsangan mecaki galengan
senajan panase srengenge
ngobong bun-bunan
sing biyen wani nrajang sepi
ngoyak kelipe konang
kang gawe cangkriman ing pategalan

kangenku kaya ketiga sing kepengin weruh
gebyaring thathit

Ponorogo, 2008

PUPUH MELANKOLIS

dak kira pangundhamanamu kae
mung sandhiwara nalika kowe
kepengin weruh endahing tangis
tumetesing luh saka mripat
sing koncatan pangarep-arep

sawetara iku critane
kleting kuning durung rampung
awit andhe-andhe lumut
isih iwut ngumbah ati
durung saguh diunggah-unggahi

Ponorogo, 21 April 2003

NIYAT WENING

saka banyu bening
suguhanmu
aku weruh niyat wening
saka tulusing atimu
sing sumadya mungkasi crita wengi
kebak pepali
lumantar swara jago kluruk
lan tumutesing bun-bun esuk
pancen tanpa guna ndedawa lara
sinambi ndhedher rasa cubriya
marang rembulan sesigar kaling-kalingan mega

saka banyu bening
suguhanmu
aku weruh niyat wening
saka tulusing atimu
nalika ana cahya kuning
sinangkling
mrambat ing sadawane rambutmu

Ponorogo, 12 Februari 2005

PUPUH PAMITAN

kunci sak gemboke wis dak balekake
menga lan menepe lawangmu
wis dudu tanggung jawabku
ing wengi iki
sikilku tumapak mecah sepi
ngetut cahyane rembulan
sing dhoyong mangulon
ngretiya
bareng karo pungkasane lelakonmu iki
critaku sing sejati isih bakal dak wiwiti

Ponorogo, 21 April 2003

MELATHI RINONCE

kepengin rasane nyangking melathi rinonce
banjur dak kalungake ing gulumu
minangka sulih lan gantine
ora mara sanja ing dina ulang taunmu
nemlikur taun
mesthi saya tambah ayu sliramu
saya tambah landhung napasmu
kaya dene susuhe angin
sing ora bakal rumangsa garing
senajan saben mangsa
kudu lelana mbrengkali lungka ketiga
sing kena disurasa

nemlikur taun
mesthi saya tambah seger pasuryanmu
senajan thukul saka winih kang kasisih
nanging isih bisa mekar ngrembaka
kaya dene pethetan ing taman
sing tansah mbabak kaendahan

nemlikur taun
saya dawa jangkahmu
pindha menjangan
wasis mlompat, nyasak eri bebondhotan
sinambi nguber gegayuhan sing isih sinengker jaman

Jakarta, 15 Desember 2005

TEMBANG GRAHANAN

mahas ing asepi
sapandurat sepa, samun
hananging ana sih ngisi suwung
jroning wening
wengi
ning
nunggal greget
nunggal karep
karuket jroning krenteg

Karangreja, 19 Juli 2001

TEMBANG PANGRUWATAN

dak oyak saben obahing kayon
mburu susuhing angin
parandene durung ana tresna kang katon
ing antarane pang-pang garing

ana ngendi disingitake ocehing jalak
sing biyen nate crita perkara janji ketiga
rikala ngumandhanging pupuh tembang pangruwatan
disenggaki bocah dolanan
sinambi adus sunar rembulan

dak oyak saben obahing kayon
mburu susuhing angin
mbokmenawa mbarengi tetesing bun-bun ketiga
ana pupus sing isih gelem trubus
gawe segere pangrasa mekare panggantha
sing sasuwene iki garing
tan sinempyok sumilire angin

Jakarta, gagat rahina 2006

MEDHITASI LANGIT

sumamburat abang ing cahyane rembulan
kae getihku sing kutah
nalika gontok-gontokan
rebutan bumbung sakluwung
isi wewadine langit
nalika lesung tengara tekane grahana
wis tan muni tinabuh

Jakarta, Desember 2005

SOKALIMA 2006
(cathetan satriya awangga)

pendhapa ngarep sepi nalika aku nginceng saka
sandhing pethetan, samburine beteng
pendhawa lan kurawa lagi dolanan domino sinambi
ngombe tuwak ngguyu lakak-lakak
druna, sang guru lagi nampa tamu

sabubare kuwi bendhe muni
blabar kawat kentheng waja wis tumata
pendadaran diwiwiti

ah, satriya sing uripe kajen keringan
jebul tandange
ora beda adoh karo wong pidak pedarakan
aku nrambul ing palagan pendhawa dak tantang
senajan aku uga putrane dewi kunthi
nanging apa salah yen saiki nyawiji
karo ponak-ponakane sengkuni
sing wis menehi aku kalungguhan senapati?

urip pancen pindhane cangkriman
batangane rinegem kenceng ing asta-Ne
drunaaa...!
yen jemparing iki uwal saka kendhenge
sapa sing bakal sigar dhadhane!?

Jakarta, Januari 2006

EPIGRAM JINGGA
(-reroncenku-)

rembulan sumunar cahya kencana
mulas langit biru banyu segara
aku dolanan ing sangisore
sinambi ngrapal mantra tembang tresna
ngenteni purnama pungkasan
sing nggawa pawarta jingga

Jakarta, Desember 2005

REREPEN TEMBANG PANGUMBARAN

isih dumeling ing kuping
sakabehing pitutur lan piweling
duk kalane aku ngangsu banyu wening
ing sendhang pawitranmu
biyen ana rekasa sing ora ateges sengsara
ana pangudarasa sing ora crita panalangsa
ana tangis sing dudu tunggale susah
ana esem senajan ora wancine bungah

kabeh mau jebul jamu racikanmu
kanggo tamba rojah-rajehing tatu
sawise ajar nyasak eri bebondhotaning laku

biyen dak tampa pepadhang
sing dudu padhange awan
nalika aku jroning pepeteng
sing dudu petenge wengi

saiki wis dak saring bening dak trawang damang
sakabehing wewarah wewangsonmu
saka kadohan dak suwun donga pangestu
muga sembada anggonku ngayahi sesanggeman
mecaki simpangan dalan kasunyatan
sinambi mangsuli panantange jaman

Ponorogo, Pungkasaning Juni 2005

TANPA CAKEPAN

playuku ngoyak angin
nyangking tembang sing ilang
cakepane
kepalang jati ngarang
papane manuk platuk gawe
gowokan
ing kono sing ana
mung oceh tanpa wirama
parandene disubya-subya
tanpa beda temanten anyar
sing lagi ngresepi
werdine kembar mayang
rinengga pepaesan kembang

sawetara iku angin sore
saya banter playune
lan sagatra tembang tanpa cakepan
isih gawang-gawang
cat katon cat ilang
kecelik ing waliking candhikala
kinukup gendhinge wong semaya

Ponorogo, pungkasan taun 2004

MENDHUNG TUMLAWUNG

ora perlu bingung
iki wancine mendhung tumlawung
theyot-theblung
theyot-theblung
ing blumbang kodhok ngorek gawe liwung

begjane tani utun
isih kober nandur pohung lan
jagung
esuk ngukup kulup lembayung
bengine diuran-urani swara walang kadung

iki wancine mendhung tumlawung
aja mutung krungu pait getiring tembung
sebab ing gedhung-gedhung
akeh wong mendem kecubung
adhuh bapa, adhuh biyung
rambut dawa ora digelung
tekaku saderma tetulung
rampung gawene malah ditundhung

Ponorogo, Pungkasaning taun 2004

ELEGI PINGGIR KALI

ing sungapane banyu kali
sing lagi banjir
dak temokake larik-larik gurit
isi janjine sampek engtay
nalika mrangguli dalan tresna
yen nganti ora kena diliwati bebarengan
pilih mati nunggal luwangan

ing antarane larahan
sing mbunteti got-got pinggir dalan
dak temokake gatra-gatra tembang asmara
rerumpakan prasetyane rara mendut prana citra
nalika bebarengan rangkat saka katumenggungan

cathetan dongeng wis mbuktekake
biyen lan saiki ora ana bedane
senajan aku lan kowe ora kudu tebah-tebah dhadha
ngaku rara mendut lan prana citra
umpama pancen kowe rara mendut cetha aku dudu
prana citra
aku wong kalah
saben polah dianggep salah
saiki mung bisa ngelus dhadha nampa pait getiring crita

Ponorogo, Januari 2005

AYANG-AYANG REMBULAN

katon maneh ayang-ayang rembulan
ing sanjerone gelas kothong
nalika rasa mumet ing sirah
durung ilang
wis ora ana maneh sing bisa dilangga
kanggo nutugake mendem gayeng
ing surup peteng iki
sawetara iku ayang-ayang rembulan
terus ngrangsang
kepengin dilangga menyang lambe
sing isih teteh nyuwara
ha-na-ca-ra-ka
iki mendemku
iki mabukku
sing terus jejogedan rinengga gendhing dolanan
jroning kalangan asli
nalika ing adoh kana wong-wong keli
ing ulegane arus westernisasi

Ponorogo, April 2005

LANGGAM KETIGA

bali dak eluk tumelung ing pangkon
angen-angen ngrangsang
sing biyen nantang awang-awang
wis ora ana sing bisa diandelake
saka kacang sing kelangan lanjaran
pedah apa mrambat kayu cendhana
sundhul angkasa
yen beteke mung golek kuncara
luwih becik pasrah
urip ing sandhuwuring lemah
gawe lung-lung anyar
samangsa srengenge sumunar kencar-kencar

Ponorogo, April 2005

LANGGAM WENGI, 1

wengi sing lungkrah nyingitake rasa kangen
marang gumebyare hawa kutha
sing nate ngajak playon
ngoyak angen-angen kumleyang
sadawane trotoar
ing kono gumebyare lampu-lampu dalan
kaya lagi pasang sawijining cangkriman
yen bengi lan awan
ora mung perkara peteng utawa
padhang
sawayah-wayah napas-napas lawas
bisa gumregah
polah nintingi werdining pangimpen
sing saben-saben mrambat ing sadawane rambut
kalamun mrucut mung bisa diwadhahi
nganggo atine dhewe-dhewe

Ponorogo, Maret 2005

LANGGAM WENGI, 2

kudu dak ambali sepisan engkas
anggonku ngubengake gelas
        mbandari ngombe arak sendhen cagak
jalaran kalangan iki isih mbutuhake
                wong mendem
sing saguh ora mikir perkara
        adus, mangan, lan ganti sandhangan
butuhe mung sila methekel
ngadhep keblat papat lima pancer
mripat nyawang awang-awang
                ngudang rembulan
sinenggakan lambe ndremimil
ngeja ha na ca ra ka
        ka ra ca na ha

kudu dak ambali sepisan engkas
anggonku ngubengake gelas
        karoben werdining wengi
ora mung ilang ing bantal pagulingan
jalaran sesuk esuk bun sing bakal tumetes
                isih ngenteni tutuge lakon sepi
ing wengi sing kebak pepali iki

Jakarta, September 2005

ING PUCUK LANGIT

manjer pandulu ing pucuk langit
kaya ana sing polah ing antarane
ngregemeng petenge mendhung ireng
jebul ora kabeh rumangsa kerasan
lungguh ngethekur ing papan dhuwur
nyatane ana sing saguh gogrog
satetes mbaka satetes
nyawiji karo suket-suket teki
kang sumebar ing salumahing bumi

manjer pandulu ing pucuk langit
isih ana salarik pitakon kang sumlempit
yen papan bawera iki pancen merdika
kanggo sakabehing swara
yagene sunaring srengenge
ora kabeh bisa ngrasakake?

Ponorogo, Maret 2005

SWARA JAGO KLURUK

swara jago kluruk miyak watese wengi lan esuk
ing sisih wetan ngegla cahya mbranang padhang
peparing-E
sanalika gawe gumregahe ati rengka
tetaunan ngliwati dina sepa kebak panggodha

swara jago kluruk mungkasi kamurkane
uler-uler serit ngrangsang ijone gegodhongan
jroning alas jati kebak wewadi
mungkasi panalangsane enthung-enthung
gumantung kelangan petung

swara jago kluruk mbabar
lumakune crita-crita anyar
jroning panggung sandhiwara tanpa layar

Ponorogo, Nopember 2008

MAPAG LAIRE SRENGENGE

sawise ana jago kluruk
esuk
nalika pang trembesi rame ocehing manuk

sawise suket-suket teles ketiban bun-bun
esuk
nalika pedhut klawu ngreridhu laku

ing sawijining esuk
aku mbukak lawang pangarep-arep
ngetung munggah mudhune karep

nalika ing cakruk
wis ora tinemu wong thenguk-thenguk
nalika ing sadawane laku
wis ora keprungu swara umuk
aku mapag laire srengenge
wangine rambutmu sing ngancani
nata dina-dina mburi kebak pangaji

Ponorogo, 2008

GURITKU

guritku tembang
ngrumpaka cakepane jaman edan
ngoyak tebane jangka tuwuhing pepadhang

guritku pedhang
sisa nyali, kaasah landheping keyakinan
sumadya kumlawe mbabat sakabehing pepalang

guritku panantang
gumontang ngoyak kamurkan
sing saya mumbul, sundhul awang-awang

Ponorogo, 13 Juni 2001

ELEGI MANGSA SEPI

omah kuna awangun joglo
ing kono dilestarekake krama inggil
lan basa ngoko

ah, nanging saiki ora perlu ngarep-arep
tumangkare tembang macapat-an
dadi wiramaning jaman
ha na ca ra ka wis kadhung divonis mati
mung kari ngenteni
esuk apa sore bakal dieksekusi

Ponorogo, 16 April 2003

PROLOG

ha na ra sa
sa ra
ka ga wa sa ka
ka ca ra sa
ra ga ja ya
ha ya wa
pa dha da na
da nya
sa ka na la
la ga wa
sa da ra nga
ha na
ca ka ca sa ka
kaaaaaaaaaaaaaaaaaang
ma ha ka wa sa

Ponorogo, 25 Oktober 2009

EPIGRAM MANGSA PANGLONG

aku lan kowe tetela kalah wicaksana
karo konang ing pategalan
dheweke luwih tanggap lan bisa maca sasmita
cecawis colok kanggo miyak petenging wengi
sing bakal diliwati

Ponorogo, 16 April 2003

SURA

1 taun anyar sing tanpa swara terompet
lan kelipe kembang api
sing ana mung perban putih
mbuntel perihing ati
sing tatu ing mangsa labuh iki

11 swara sing mrojol ing kupingku
mung swarane angin sore
sing ngabarake pedhote rante
sadurunge rodha panjangka
gumlindhing tatas nuntasake sesanggeman

111 crita sepi wis wancine ditinggal
ing bang wetan wis katon cahya sumunar
tandha yekti crita anyar bakal kababar

Ponorogo, 15 Januari 2003

EPILOG SORE

wis dak tutup kelire crita
senajan ayak-ayak pamungkas
durung keprungu nyuwara

tanpa guna lakon sore dibacutake
yen jembare ara-ara mung saderma
dadi papan macak kewan galak
awulu domba
nganti sumilire angin
ora wani nggogrogake godhong garing
mung beteke kudu manut
marang swara nunut
sing satemene wis kudu keli
ing ulegane kali
nanging nganti saiki isih diuri-uri

wis dak tutup kelire crita
bali dak bukak mbesuk bareng karo swara
kidung pangruwate sukerta

Ponorogo, September 2004

EPIGRAM KACU WUNGU

kacu wungu pawewehmu
nate dak anggo mbuntel ati tatu
nalika ana mripat landhep
mancep ing dhadhaku

Ponorogo, September 2004

KELUK ROKOK

sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit
nggawa reroncenku
sing durung kober dak pulas
mawa werna jingga
parandene wis dadi kabar
sinebar mbok bakul sinambi wara
dadi pawarta mirunggan sadawane dalan

sawangen keluk rokok sing mumbul menek langit
nyangking crita carangan
sing panase ngembari srengenge
gawe garinge oyot-oyot lumut
sing nyoba nintingi werdining urip
ing watu item kebak panganggit

sawangen keluk rokok sing menek langit
ngronce maewu-ewu crita sore
sing durung karuwan kapan tancep kayone

Jakarta, Maret 2006

ING WALIKE JILBAB PUTIH

kledhange ayang-ayangmu
mung ninggalake crita sumelang
ora ana sasmita sing bisa dak waca
saka aksara nglegena sing ngrengga wangine
rambutmu
mung saka tapak-tapak sikil sing nyisa ing dalan
sidhatan
ana gatra-gatra cangkriman
sing nyimpen werdine impen kadaradasih

kledhange ayang-ayangmu
mung ninggalake crita sumelang
ora ana sasmita rinonce sing kena dak tintingi
werdine
mung aksara-aksara sandhi sing kececer ana sadawane
trotoar nyimpen wewadi kang kudu kababar

kledhange ayang-ayangmu
mung ninggalake crita sumelang
nganti rembulan tanggal sepisan kelangan esem
ngujiwate
nanging aku percaya
dasih
senajan jangkahmu nyebar gandane kembang telasih
nanging dudu tangis sing kok singitake ing walike
jilbab putih

Jakarta, Maret 2006

TATUNING JAMAN

lilanana aku ngonceki tresna
sing gumlethak ing sangisore wit cemara
senajan bumi bengkah tangis kutah
lan abure manuk podhang kedhungsangan kelangan
pencokan nanging apa iya kabeh kudu salin slaga
dadi singa awulu domba ngendelake landheping suing
kekering panguwasa
ngalor ngidul ngronce tembung lelamisan
njaremake tatune jaman?

lilanana aku nintingi tresna
sing sumebar sadawane wedhi putih sadawane pesisir
senajan sumilire angin wis ora nyangking
gendhing-gendhing dolanan nanging apa iya
kabeh kudu tiwikrama wujud denawa
nggadhang dumadine grahanan ngabangake tatune
jaman?

lilanana aku nyangkok winih tresna
sing thukul ing antarane alang-alang ngrangsang
ngelak tumetese banyu udan
sapa ngreti esem ngujiwate kena kanggo nambani
tatune jaman
sing saya suwe katon abang mlerah ngucemake
lembaran sejarah

Jakarta, Maret 2006

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

LAYANG KETIGA

dak kirim layang ketiga werna jingga
marang wangine kuthamu
muga bisa kok mangerteni sambate ati nela
sing ora bakal teles siniram
udan kiriman
pancen seprana-seprene pijer dadi lakon
tutwuri gremete karep sing kala-kala kudu mlaku
lumawan iline banyu

iki sambat-sebut suluk pathet sanga
sing kebacut ajur katindhes wengise crita
senajan ora duwe karep njaluk kawelasan
nanging cukup dadi tengara
yen dalan sidhatan iki
dudu pungkasan kanggo sawijining pangumbaran

Jakarta, Maret 2006

AKU NGASO ING KENE

aku ngaso ing kene
sinambi nyawang langit sing meh numpleg
kabotan sanggan
dumadakan ana rasa sing ngajak brontak
nyawang rembulan grahanan tanggal las-lasan
nanging banjur dak peper
rasa perih dak uncalake menyang kali
campur dadi siji karo larahan
lan sisane wong ngumbahi ing ndhuwur kana

aku ngaso ing kene
sinambi nata ati sing rojah rajah
eling laku sing durung antuk
separone dalan

Jakarta, Maret 2006

MONOLOG MARET

-indah sari-

rambutmu teles, atiku kekes
nyalami grimis sing mungkasi
mangsa rendheng taun iki
wis ora ana maneh tresna sing kentir
ing ulegane banjir
aku lan kowe
ngadeg dhewe-dhewe
ing sandhuwure lemah bengkah
mung ijone suket sing isih bisa rumaket
nyawiji tumetese bun tumrap ati nela
mangsa ketiga
sedheng rasa kangen wis ilang
kabuncang angin, embuh tibane
ora karuwan kapan baline

Jakarta, Maret 2006

JARENE

miturut tembange angin sing ngumandhang
cengkok palaran
jarene wis dumadi owah-owahan ing saben pecak
tindak ing pasrawungan
jarene wis ora ana kemladheyan kang tumumpang ing
pang
jarene wis ora ana kawicaksanan sing mban cindhe
mban siladan jarene jarene lan jarene
ah, jebul kabeh mau mung jarene
jarene sing butuh digatekake
jarene sing puguh ngugemi kekarepane
jarene sing ora saguh diganggu gawe

jarene wis dumadi owah-owahan
jarene wis saguh ngugemi tatanan
jarene wis njunjung dhuwur marang kamanungsan
:nyatane kabeh mau mung slogan
sing isih adoh karo kanyatan

Ponorogo, Februari 2005

ING SAMBURINE KELIR

swara gamelan wis ngumandhang, dhalang wiwit
janturan
ing mburi pakeliran ana crita carangan
kang lagi bae dikarang dening lintang lan
rembulan

irama gendhing wis ngancik pathet sanga, dhalang
nyandra kasulistyane wara sembadra
ing mburi pakeliran lintang lan rembulan
nembang asmaradana

gunungan kajunjung diobahake munggah mudhun
tancep kayon
ing mburi pakeliran lintang lan rembulan
wus ora katon
ing salembar kertas tilas buntel kacang kang
mentas dianggo lungguhan katon ana tulisan
:"idhe lungit wis kaanggit
crita anyar bakal kababar"

Ponorogo, 21 Oktober 1997

EPIGRAM ESUK

esem sing wingi dadi rebutan
saiki garing ing sandhuwuring alang-alang
mung kari rasa keduwung
sing isih krasa tandhes balung

Jakarta, September 2005

PANJURUNG

ora perlu ngrakit tembung-tembung manis
tulisen bae sakabehing pangrasa
nganggo ukara-ukara prasaja
kaya spandhuk sing saben dina
kumlebat ing tengah kutha
awit kabeh wis padha waleh
disemayani nganggo manising janji

ora perlu pamer rupa
sinambi tebah-tebah dhadha
:aku iki lho susuhing cahya
sing sembada madhangi donya

sakabehing tembungmu tiwas mung dadi bumbon
guyon sak enggon-enggon
sebab bocah dolanan ing plataran kae
durung mesthi yen ngenteni rembulan ndadari

luwih becik ngadega bae ing antarane
keblat papat lima pancer
yen pancen jejeg
mesthi bakal dadi adeg-adeg

Ponorogo, Oktober 2004

EPIGRAM AWAN

tatu ing dhadha wis katon garing
sawise disawuri beras kuning
nanging ati sing kebacut ajur
isih morat-marit
durung ana sing kena kanggo madhahi

Jakarta, September 2005

TAPEL WATES
-siswa kinasih-

esuk iki esemmu pecah
kaya kudhup melathi mbabar ganda wangi
kaya pletheking srengenge sumadya ngedum sunare
awit ombak ing pesisir pelang wis aweh pralambang
yen anggonmu ngangsu kawruh sinambi mesu budi
wis tekan titi purnaning gati
ocehing kepodhang ing wit-witan
melu manembrama njampangi lakune siswa kinasih
kang lulus pendadaran

esuk iki sliramu tumapak ing kene
ing tapel wates
mitra rowang sing sakawit gandhengan tangan
titi mangsa iki kudu sewang-sewangan
ati emoh pisah
nanging sikil kudu tetep jumangkah
kanggo ngoyak jangkaning sejarah
pisah dudu pratandha enteking tresna
iki mung laku murih kelakon sawijining lakon

Panggul, 12 Juni 2009

EPIGRAM WENGI

nalika rambut ngrembyak kajambak
lingsa-lingsa padha umra
golek sirah sing saguh madhahi inspirasi

Jakarta, September 2005

TUGU PAHLAWAN

angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan
nyawang papan gogroge kembang
puluhan taun kepungkur
sing ganda arume isih ngambar nganti seprene

angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan
surabaya katon ngegla dalan-dalan padhet kendharaan
ing kene
awan lan bengi wis ora ana bedane rame gumerite
angkutan ngusung arak-arakan buruh pabrik
kaya lagon lawas semut ireng golek ambeng

saka kadohan dak ungak wengine ketintang
atiku nate perih ing kana
nalika ngrajut bolah sutra werna jingga

angen-angenku ngumbara mencok ing tugu pahlawan
melu dadi seksi yen urip iki patembayan

Surabaya, 26 Oktober 2004

GOGROG

yen sesantining urip wis gogrog saka bundhelaning ati
abange lambe mung kari kaya papan iklan
ngumbar ukara sepa kelangan tanja
lakune garing tanpa gantha lan jangka
sing nyisa mung kari jangkah tanpa arah
gumelare donya mung kari nyisa rupa peteng
awit soroting mripat wis katutupan rasa cubriya

gogrog
tembange jaman wis gogrog ajine
cengkok palaran sing jarene panantang
saiki ora luwih saka lagune bocah dolanan
kelangan rembulan

gogrog
tembange jaman wis gogrog
yel-yel sing biyen nuntut dumadine owah-owahan
saiki keprungu blero
:katindhih gendhinge wong golek kalungguhan

Ponorogo, 21 Oktober 2003

ING ARA-ARA BAWERA

ing ara-ara bawera iki
mesthine sliramu uga ngelak
kaya sing dak rasakake
mung bedane yen aku wani
nyekel kendhi
sinambi ndhangak nantang langit
nguras banyu udan sakatege
sedheng sliramu anane mung meneng
ngenteni kawelasane bun-bun esuk
sing ajeg tumetes saka godhong lumbu

ing ara-ara bawera iki
mesthine sliramu uga ngelak
kaya sing dak rasakake
mula lilanana dak cecep lathimu
supaya ngelakku lan ngelakmu
bisa ilang bebarengan
jalaran bakal ana rasa anyles
kang bakal rumesep tandhes pulung ati

Jakarta, September 2005

EPIGRAM RASA

saiki dheweke enthung
nulad kesabarane angin
nglalekake ijone gegodhongan
jroning napase kebak panggadhang
tuwuhing owah-owahan

Ponorogo, Riyaya 2009



SUMONO SANDY ASMORO, terkadhang nganggo jeneng samaran Candra Dyah Pambayun. Alumnus Jurusan Basa lan Sastra Jawa UNESA Surabaya sing lulus taun 2000 iki tulisane kababar ing majalah Panjebar Semangat, Jaya Baya, Mekar Sari, Djaka Lodang, Surabaya Post, Bende, lan sapanunggalane. Geguritan lan cerkake kerep menang jroning lomba nulis geguritan lan cerkak ing Surabaya, Malang, lan Yogyakarta.

Sawetara karyane uga kaemot ing antologi bebarengan kayata: Liong Tembang Prapatan (1999), Bandha Pusaka (2001), Kabar Saka Bendulmrisi (2001), Sumunar (2002), Jagade Obah (2003), Duka Atjeh Duka Bersama (2005), Trubus Saka Pang Garing (2005), Malsasa 2005 (2005), Surabaya 714 (2007), lan Senthong (2008). Antologi Romansane sing lagi bae terbit Tembange Wong Kangen.

Sumono Sandy Asmoro lair ing kota reyog, Ponorogo. Kuliah lan sinau kasusastran ing kota pahlawan, Surabaya. Nate dadi redaktur majalah Damar Jati, Jakarta. Saiki dadi guru ing SMPN I Panggul, Trenggalek. Aktivis Sanggar Triwida iki uga kerep diundang kanggo maca karyane ing maneka warna acara. Taun 2007 nikah karo Sari Astuti, kenya saka Trenggalek. Taun 2008 anake mbarep lair, diwenehi tenger Lungit Winahyu Lintang Musthika Aji. Alamate desa Bancangan Kecamatan Sambit, Ponorogo, Jawa Timur. HP 081335305614.

0-0071

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL